



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 10 mas 2014

MANM KI NAN PANÈL LA PIBLIYE REKÒMANDASYON ENPLEMANTASYON PRELIMINÈ BAZ ELEMAN KOMEN

Panèl Enplemantasyon baz eleman komen an ki te fòme nan kòmansman mwa fevriye pa Gouvènè Andrew M. Cuomo, jodia te devwale yon seri rekòmandasyon pou imedyatman amelyore enplemantasyon baz eleman komen nan Eta New York.

Panèl Enplemantasyon baz eleman komen an rekòmande pou ale delavan avèk yon angajman baz eleman komen ki makonnen avèk koreksyon imedyat kou ak yon soutyen kontinye ki deziyen pou pi byen sèvi elèv ak paran yo ak asire siksè konplè estanda enplemantasyon baz eleman komen yo.

Rekòmandasyon yo gen ladan pwoteksyon pou elèv yo, mezi pou bay pi bon sipò pou paran ak pwofesè yo, amelyore konfyans piblik la nan enplemantasyon baz eleman komen, ak refòm adisyonèl yo pou pwoteje enfòmasyon konfidansyèl. Rapò konplè a [disponib la](#).

“Enplemantasyon enpafè kourikoulòm baz eleman komen an te lakoz fwistrasyon, angwas, ak konfizyon pou timoun ak paran yo,” Gouvènè Andrew M. Cuomo te deklare. “Sa a nan pi bon enterè tout moun pou genyen nòm mondyal reyèl elve pou ansèyman ak pou sipòte kourikoulòm baz eleman komen, men nou bezwen pou asire ke elèv nou yo pa enjisteman leze pa enplemantasyon l. Rekòmandasyon yo ki te pibliye pa Panèl Enplemantasyon baz eleman komen jodia pou chèche akonpli objektif sa a. Rekòmandasyon sa yo ta asire ke rezilta tès baz eleman komen Eta nan klas 3-8^{yèm} ane pa pral parèt nan dosye pèmanan elèv yo, diminye sou tès yo ak mete yon pwen nan inisyativ done Depatman Edikasyon an avèk inBloom. Panèl la pat fè okenn rekòmandasyon pou sispann oswa ralanti evalyasyon pwofesè yo. Mwen pral revize rekòmandasyon sa yo avèk Sena ak Asanble a.”

Stanley S. Litow, Vis Prezidan, IBM Corporate Citizenship and Corporate Affairs ak Prezidan, IBM International Foundation Prezidan Panèl Enplemantasyon baz eleman komen, an te deklare, “Entwodiksyon estanda edikasyon baz eleman komen an kapab ede bay nouvo opòtinite pou elèv nou yo ak mennen lekòl piblik yo Etazini yo nan 21yèm syèk la. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te fòme panèl divèsifye sa a ak pou angajman l pou bay amelyorasyon ki nesèsè nan enplemantasyon yo. Rekòmandasyon sa yo pral ede New York nan enplemantasyon avèk siksè de yon seri estanda edikasyon

Haitian Creole

ki pral travay pou elèv nou yo, paran, pwofesè ak anplwayè yo, nan ofri tout timoun yo aksè a yon edikasyon de kalite ak fè New York vini konpetitif.”

Senatè John J. Flanagan te deklare, “Li klè anpil ke plizyè odyans piblik ak fowòm ki te òganize ki te fè konnen ke enplemantasyon baz eleman komen bezwe pou l fikse. Panèl sa a te mete ansanm yon kantite rekòmandasyon ki pral gide yon revizyon jeneral de kijan estanda yo enpleman ak refòm sistèm lan nan yon fason ki benefik pou elèv, paran, edikatè, ak piblik la. Nou bezwen estanda rigid pou asire ke yo anseye elèv nou yo nan yon nivo ke yo kapab fè konpetisyon ak reyisi nan ekonomi 21^{yèm} syèk la. Nouvo estanda ansèyman yo nan New York louab, men li esansyèlman enpòtan ke nenpòt pwoblèm ak preyokipasyon ki gen rapò a enplemantasyon yo ka adrese rapidman ak nan yon fason siyifikatif, e Mwen kwè rekòmandasyon yo nou pibliye jodia ap ede akonpli objektif sa a. Mwen fyè dèske map travay nan komisyon Gouvènè a e map rete tann pou m kontinye travay avèk lòt manm yo pou asire ke nou bati sou bon kòmansman sa a pou akonpli travay ki dwe fèt la.”

Manm Asanble Cathy Nolan te deklare, “Semèn ki sot pase a asanble a te pase lejislasyon konpreyansif (A.8929) pou rezoud anpil pwoblèm avèk deplwaman Eta nan nouvo estanda baz eleman komen yo. Mwen kontan ke Panèl la te entegre anpil nan eleman lejislasyon asanble a, enkli arè relasyon eta avèk InBloom ak rekòmande plis pwoteksyon done ak egzijans sekirite pou asire konfidansyalite elèv la. Mwen kontinye gen preyokipasyon sou pwoblèm ki pa rezoud ki asosye avèk enje elve sou tès yo ak enpak li sou pwofesè ak direktè yo, e map rete tann pou m travay avèk Panèl la pou adrese preyokipasyon sa yo. Remèsiman mwen a Prezidan Silver ak Gouvènè Cuomo pou lidèchip li sou kesyon sa a.”

Ali Jackson-Jolley, yon paran nan Konte Westchester ak yon manm nan Panèl la te deklare, “Chak paran vle pitit yo resevwa pi bon edikasyon posib, enkli estanda elve ak klas ki rigoure. Baz Eleman Komen an kapab ede nou akonpli objektif sa a, men enplemantasyon l te mennen nan angwas ak fwistrasyon pa paran ak elèv yo. Li tan pou nou pran yon nouvo apwòch nan baz eleman komen an. Mwen kontan paske mwenn te sèvi nan panèl sa a ki te fòme pa Gouvènè Cuomo e mwen kwè ke rekòmandasyon yo a pral souliye yon chemen delavan pou fè refòm enpòtan a fason baz eleman komen an ap enpleman nan New York.”

Nick Lawrence, yon pwofesè Etid Sosyal nan klas 8^{yèm} ane nan East Bronx Academy for the Future, e manm Panèl la te deklare, “Antan ke pwofesè, Mwen sipòte fòtman, estanda entelijan pou elèv nou yo. Li nesè pou sistèm edikasyon nou an prepare timoun nou yo nan New York pou yo konpetitif nasyonalmman ansanm avèk kanmarad yo entènasyonalmman. Baze sou eksperyans yo nan salklas mwen an ak lekòl ansanm avèk konvèsasyon avèk kòlèg yo atravè vil New York ak nan Eta, Mwen konvenki ke Baz Eleman Komen an kapab e ta dwe ansanm estanda sa yo. An depi de konfyans mwen nan Baz Eleman Komen an kòm yon pwenn kòmansman pou yon konvèsasyon enpòtan pou sa nou espere de elèv nou yo, enplemantasyon an te kreye konfizyon nan anpil salklas e nan kay yo atravè Eta New York. Jodia nap mete delavan plizyè rekòmandasyon ke paran ak edikatè yo ka sipòte touswit pou kòmans refòm fason baz eleman komen an ap aplike nan New York. Mwen apresye opòtinite pou angaje nan travay sa avèk moun ki gen enterè nan sistèm edikasyon nou an atravè eta ak remèsye Gouvènè Cuomo paske li

Haitian Creole

te mete panèl enplemantasyon an sou pye pou kontribye pi dirèkteman nan konvèsasyon sou kijan baz eleman komen an kapab fèt touswit .”

Depi lè Baz eleman Komen an te lanse pou premye fwa nan New York, gen preyoqipasyon ki te souleve pa paran, pwofesè, administratè lekòl, ak lidè kominotè a osijè enplemantasyon pwogram lan. Men yon rezime sou rekòmandasyon panèl la:

Pwoteje Elèv yo kont tèl inapwopriye nivo elve:

- **Rejte “tèl ti wonn” estanda pou jèn timoun yo:** Pou pwoteje jèn timoun yo de angwas ak tèl devlopman inapwopriye, panèl la rekòmande entèdi itilizasyon tèl standa “ti wonn” pou timoun yo ki nan lekòl matènèl jiska klas dezyèm ane.
- **Pwoteje Elèv yo kont tèl nivo elve ki baze sou rezilta enjis:** Anvan tèl baz fondamantal yo kòmanse nan Avril, Panèl la rekòmande: Asire ke rezilta Anglè ak matematik tèl baz komen pou klas 3-8^{yèm} ane yo pa itilize kont elèv yo e li pa parèt sou dosye pèmanan yo; miz anplas nòt pwogresif ki pi elve reyisit nan egzamen yo ak asire ke pwofesè yo gen materyèl kou a anvan elèv lekòl segondè yo pran tèl la sou nouvo estanda yo; ak fini sèten tèl pou elèv ki genyen andikap yo ak moun kap aprann angle pandan yo toujou asire responsabilite pou pèfòmans elèv sa yo.
- **Itilize tan ansèyman ak aprantisaj – pa twòp tèl:** Pou ede detèmine ki evalyasyon ki reyèlman nesèsè ak benefik, ak redwi chaj tèl kèlkeswa lè li posib, Panèl la rekòmande mete yon nivo sou kantite tan ki kapab itilize pou tèl ofisyèl yo ak pou tèl preparasyon; amelyore transparans sou ki tèl estanda elèv yo egzije pou yo pran, ak poukisa; ak enplemante mezi pou dsitri lekòl yo pi fasilman elimine tèl estanda ki pa nesèsè.

Bay pi bon sipò pou Paran ak Pwofesè yo

- **Trete paran yo kòm patnè esansyèl nan yon enplemantasyon baz komen:** Pou ede paran yo konprann ak patisipe nan pwosesis enplemantasyon baz komen an, Panèl la rekòmande pou kreye resous anliy modèn ak zouti ki lengwistikman ak kiltirèlman apwopriye pou montre paran yo kisa baz esansyèl la ye, sa pou espere, ak kijan pou ede timoun yo. Anplis de efò sou entènèt a gran echèl, Panèl la rekòmande enkli aktivite kominotè lokal ak diseminasyon materyèl pratik ak aksesib atravè lekòl, òganizasyon non pwofi, bibliyotèk ak lòt patnè yo.
- **Asire ke pwofesè yo resevwa fòmasyon ak sipò yo bezwen ak merite:** Pou pi byen angaje pwofesè yo nan pwofesis baz komen an, Panèl la rekòmande pou bay opòtinite devlopman pwofesyonèl ak lokal de wo laklite pou pwofesè yo. Lekòl yo ki gen siksè nan enplemante baz komen an nan chak rejyon ta dwe idantifye ak rekrite pou sèvi kòm modèl kote yo kapab envite lòt pwofesè lokal dirèktè yo pou yo vin wè chanjman enstriksyon annaksyon.
- **Bay edikatè yo aksè a resous kourikoulòm baz komen de kalite osi rapid ke posib:** Panèl la rekòmande pou Depatman Edikasyon Eta rapidman konplete modil baz komen kourikoulòm lan ki pa fini ak kontinyèlman amelyore tout modil yo jiska enplikasyon pwofesè yo ak lòt edikatè ak

ekspè yo. Anplis, Panèl la rekòmande ogmantasyon enpòtan de kantite kesyon evalyasyon ki pibliye apre tès baz komen an kidonk pwofesè, paran, ak piblik la kapab wè kijan elèv yo ap pran tès. Pwofesè yo ta dwe egalman bay enfòmasyon itil ak atan sou rezita evalyasyon elèv yo.

Amelyore konfyans piblik nan enplemantasyon baz komen

• **Asire patisipasyon kontinyèl paran ak sitwayen ak opinyon nan enplemantasyon baz komen:** Pou bati konfyans ak konfidans, ak bay rezo Nouyòkè yo ki kapab ede edikatè ak lidè gouvènman yo nan enplemantasyon baz komen, Panèl la rekòmande nomimasyon de yon gwoup travay piblik ki gen ladan paran, edikatè, lejislètè, ak biznis, sivik ak lidè nan kominote yo pou bay revizyon kontinyèl sou enplemantasyon baz eleman komen atravè eta ak fè rekòmandasyon piblik jan sa nesèsè pou repwodui siksè ak reponn a bezwen lòt modifikasyon enplemantasyon.

Pwoteje konfidansyalite elèv

• **Etabli pwoteksyon done strik ak egzijans sekirite, pandan lap asire ke pataj done pedagogik ak apwopriye kapab rive:** Panèl la rekòmande pou adopte lwa ak règleman ki etabli ak/oswa ranfòse egzijans pwoteksyon done strik, enkli pwosedi pou notifikasyon paran nan ka nenpòt vyolasyon nan enfòmasyon pa yon tyès pati, ak sanksyon sevè pou vyolasyon yo; etablisman yon deklarasyon “Dwa paran pou konfidansyalite done” ki gen ladan transparans konplè osijè ki done ki kolekte pa Eta ak pa distri lekòl yo, avèk kiyès li pataje e poukisa; ak nome yon ofisye anchèf sou konfidansyalite pou Depatman Edikasyon Eta responsabilite l ap genyen ladan pou etabli estanda pou ajans edikasyonèl sekirite done ak règleman sou konfidansyalite yo. Panèl la pa sipòte yon “paran soti” nan itilizasyon done a, sa ki kapab mete fonksyon esansyèl akademik ak operasyonèl andanje. Panèl la konprann ak respekte krent paran yo sou konfidansyalite enfòmasyon pitit yo, ak rekonèt enkyetid osijè kolekte done ki pa nesèsè oswa endiskrè.

• **Sispann relasyon Eta avèk inBloom:** Deba sou founisè sa a te vini yon distraksyon pou siksè enplemantasyon baz eleman komen an. Panèl la rekòmande ke Eta sispann relasyon l avèk inBloom ak konsidere lòt altènatif pou akonpli objektif yo pou ogmante transparans ak analiz done.

Manm yo nan Panèl Enplemantasyon Baz Eleman Komen yo gen ladan:

- Stanley S. Litow, Vis Prezidan, IBM Corporate Citizenship and Corporate Affairs ak Prezidan, IBM International Foundation (Prezidan)
- Senatè John Flanagan, Prezidan Komisyon Edikasyon Sena a (Sena a ki nonmen li)
- Manm Asanble Catherine Nolan, Prezidan Komisyon Edikasyon Asanble a (Asanble a ki nonmen li)
- Linda Darling-Hammond, Charles E. Ducommun, Pwofesè Edikasyon, Stanford University Graduate School of Education

- Todd Hathaway, Pwofesè, East Aurora High School (Konte Erie)
- Alice Jackson-Jolley, Paran (Konte Westchester)
- Anne Kress, Prezidan, Monroe Community College
- Nick Lawrence, Pwofesè, East Bronx Academy for the Future (NYC)
- Delia Pompa, Vis Prezidan Senyò Pwogram, National Council of La Raza
- Charles Russo, Sipè Entandan, East Moriches UFSD (Long Island)
- Dan Weisberg, Vis Prezidan Egzekiti & Direktè Jiridik, The New Teacher Project

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418